***I Pilihen wangsulan sing bener kanthi menehi tandha silang (x)!***

1. Teks awujud laporan ngenani sawijine kedadeyan kang dumadi utawa lagi wae dumadi diarani teks . . . .
   A. Eksposisi
   B. Deskripsi
   C. Argumentasi
   D. Informasi
2. Wujude informasi manut sumbere ana loro sawijine yaiku informasi lisan, informasi lisan digiyarake lumantar . . . .
   A. TV
   B. Ariwarti
   C. Kalawarti
   D. Internet
3. Sawijine titikane teks informsi yaiku kedadeyan kang diandharake asipat aktual. Tegese kedadeyan kang diandharake asipat aktual yaiku . . . .
   A. Kedadeyan kang diandharake bener-bener dumadi utawa ora direkayasa.
   B. Kedadeyan kang wigati lan bisa narik kawigaten.
   C. Kedadeyan kang diandharake lagi wae dumadi utawa isih dadi bahan pirembagan ing masyarakat.
   D. Kedadeyan diandharake kanthi cekak, padhet, lan cetha.
4. Sawijine titikane teks informasi yaiku kedadeyan kang diandharake awujud fakta, tegese yaiku . . . .
   A. Kedadeyan kang diandharake bener-bener dumadi utawa ora direkayasa.
   B. Kedadeyan kang wigati lan bisa narik kawigaten.
   C. Kedadeyan kang diandharake lagi wae dumadi utawa isih dadi bahan pirembagan ing masyarakat.
   D. Kedadeyan diandharake kanthi cekak, padhet, lan cetha.
5. Jenis informasi kang ngandharake ngenani panemu, pernyataan, utawa gagasan saka sawijine wong diarani . . . .
   A. Informasi langsung
   B. Informasi opini
   C. Informasi interpretative .
   D. Informasi andharan
6. Jenis informasi kang ditulis kanthi singkat, padhet, lugas, lan apa anane diarani . . .
   A. Informasi jangkep
   B. Informasi langsung
   C. Informasi opini
   D. Informasi interpretative

**Gatekno teks ing ngisor iki !**

Kirab Bendera Ing Kabupaten Pati

Ing kabupaten Pati ana kirab bendara kang dawane 100 meter lan omobone 3 meter diaral saka Stadiun Jayakusuma saka jam setunggal awan nganti setengah sekawan sore ing Alun Alun Pati
Acara kirab iki diadakake kanggo mengeti Dina Kesaktian Pancasila, 1 Oktober 2016 lan kanggo mbangkitake jiwa nasionalisme pemuda sak niki kang arep luntur
Minurut Ketua Forum Komunikasu Putra Putri Purnawirawan TNI/POLRI Indonesia (FKPPI) Pati Endang Sri Wahyuningsih ngaturkake yen dheweke matursuwun maran para pihak kang melu acara iki lan sing pedulu karo kegiatan iki. Dheweke pangarep- arep kegiatan kaya ngene iki diadakake setahun pisan.

7. Teks ing dhuwur kalebu teks . . . .
   A. Teks Tanggap wacana
   B. Teks informasi
   C. Teks Naras
   D. Teks Argumentatif
8. Unsur-unsur pemangun informasi iku ana 6, sawijine kang nuduhake papan dumadi sawijine kedadeyan yaiku . . . .
   A. Ing ngendi
   B. Kepriye
   C. Kapan
9. Geneya kirab bendera ing kabupaten Pati diadakake?
   A. Mengeti Dina Kesaktian Pancasila 1 Oktober 2016
   B. Mbangkitake jiwa nasionalisme pemuda sak niki kang arep luntur
   C. Kirab bendera kang dawane 100 meter lan ombone 3 meter



LIVEWORKSHEETS

D. Mengeti Dina Kesaktian Pancasila, 1 Oktober 2016 lan mbangkitake jiwa nasionalisme pemuda sak niki kanga rep luntur

**Gatekno tembang macapat ing ngisor iki !**

Mingkar mingkur ing ukara
Akarana karenan mardisiwi
Sinawung resmining kidung
Sinuba sinu karta
Mrih kretarta pakartining ilmu luhung
Kang tumrap ing tanah jawa
Agama ageming aji

10. Yen dideleng saka paugerane, tembang macapat ing dhuwur kalebu tembang . . . .
    A. Pucunng
    B. Pangkur
    C. Gambuh
    D. Sinom
11. Wacana tembang macapat ing dhuwur dumadi saka . . . . gatra.
    A. 4
    B. 5
    C. 6
    D. 7
12. Guru wilangan lan guru lagune tembang macapat ing dhuwur yaiku . . . .
    A. 8a – 11i – 8o – 7o – 12u – 8a – 8i
    B. 8a – 11i – 8a – 7i – 12u – 8a – 8i
    C. 8a – 11i – 8u – 7u – 12u – 8a – 8i
    D. 8a – 11i – 8u – 7a – 12u – 8a – 8i
13. Paugeran(aturan/pedoman) ing tembang macapat ana 3, yaiku kang kasebut ing ngisor iki, kajaba . . .
    A. Guru gatra
    B. Guru wilangan
    C. Guru sastra
    D. Guru lagu
14. Tembang macapat cacahe ana . . . .
    A. 9
    B. 10
    C. 11
    D. 12
15. Sawije tembang macapat yaiku gambuh, miturut guru gatra, guru lagu, guru wilangan, lan guru lagune yaiku . . . .

| | Guru gatta | Guru Wilangan lan Guru Lagu | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| A | 4 | 12i | 6a | 81 | 8a | | | | | | |
| B | 5 | 7u | 10u | 12i | 8u | 8o | | | | | |
| C | 7 | 8a | 11i | 8u | 7a | 8i | 5a | 8i | | | |
| D | 9 | 8a | 8i | 8a | 8i | 7i | 8u | 7a | 81 | 12a | |

16. Tegese ukara ***agama ageing aji*** gatra kaping pitu ing wacana kasebut, yaiku . …
    A. Agama pakaian diri
    B. Agamaku yang paling baik
    C. Agama itu baik
    D. Agama merupakan pelindung diri
17. Tegese ukara " ***Mrih kretarta pakartining ilmu luhung*** " ing gatra kaping lima ing wacana kasebut, yaiku . . . .
    A. Tersirat dalam indahnya tembang
    B. Dihias penuh warna
    C. Agar menjiwai hakekat ilmu luhur
    D. Membolak-balikkan kata
18. Unen-unen kang ajeg panganggone, mawa teges entar, ngemu surasa pepindhan lan kang dipindhanake kahanan, tindak-tanduk, utawa wewatakane manungsa diarani. . . .
    A. Paribasan
    B. Parikan
    C. Bebasan
    D. Saloka



LIVEWORKSHEETS

19. Unen-unen kang ajeg panganggone, mawa teges entar, ngemu surasa pepindhan lan kang dipindhanake wonge diarani. . . .
    A. Paribasan
    B. Parikan
    C. Bebasan
    D. Saloka
20. Kudu titi anggone nggunakake dhuwit, ojo nganti ***kegedhen empyak kurang cagak***. Ukara kang kacithak kandel ing dhuwur kalebu jinise . . . .
    A. Paribasan
    B. Parikan
    C. Bebasan
    D. Saloka
21. Dadi wong kui aja seneng ***ngubak-ubak banyu bening***.
    Ukara kang kacithak kandel ing dhuwur kalebu jinise . . . .
    A. Paribasan
    B. Parikan
    C. Bebasan
    D. Saloka
22. Ing ngisor iki sing kalebu paribasan, yaiku . . . .
    A. Kejugrugan gunung menyan
    B. Nabok nyilih tangan
    C. Idu didilat maneh
    D. Timun musuh duren
23. ***" kegedhen empyak kurang cagak*** " nduweni teges . . . .
    A. Kegedhen kekarepan nanging kurang sembada.
    B. Kang dikarepake ora bisa kelakon.
    C. Kegedhen karep mokal bisa kelakon.
    D. Sarwa gedhe lan dhuwur kekarepane.
24. " ***Ngubak-ubak banyu bening*** " nduweni teges . . . .
    A. Duwe kekarepan nanging ora dhuwe wragat.
    B. Tumindhak ala kanthi kongonan wong liya.
    C. Gawe rerusuh ing panggonan kang wis tentrem.
    D. Murungake janji kang wis diucapake.
25. " ***Timun musuh duren*** " nduweni teges . . . .
    A. Wong kang ilang kakuatane / keluhurane
    B. Wong cilik mungsuh panguwasa
    C. Wong kang njarak marani bebaya
    D. Wong asor kang tumindak kaya wong luhur



LIVEWORKSHEETS